



Bay enfòmasyon pou ede Komisyon Sante Piblik Boston ak vil Boston planifye estrateji ki kore deklarasyon majistra Martin Walsh sou rasis antake yon kriz sante piblik.

Sa rasis ye antanke yon kriz sante piblik

Rasis se yon menas pou sante ak sekirite piblik nou. Li anpeche moun gen aksè ak resous yo ta bezwen pou amelyore sante yo, tankou bon travay, lojman kote gen ijyèn, ak manje ki bon pou sante yo e ki pa koute chè. Strès kwonik se ki afekte sante moun yo. Lè moun eksperyan prejije-tankou lè yo fè moun siveye yo nan yon magazen, lè yo mande yo ki dwa yo genyen pou yo ale yon kote, oubyen lè yo vin pè lapolis kanpe yo, sa ka lakòz yon strès kwonik e sa ka nui sante yo.

Majorite rezidan Boston yo se moun koulè yo ye, men Boston toujou gen divizyon rasyal. Rezilta sante yo montre gen gwo diferans ki la depi anpil tan ant Nwa ak Latino yo ak Blan yo, jan anpil endikatè sante montre sa, tankou rezilta nesans yo, opresyon, dyabèt, ipètansyon ak lòt maladi kwonik. Divizyon rasyal sa a lakòz gwo diferans nan rezilta sante selon kòd postal moun yo rete a. Kote moun yo rete a afekte opòtinite yo ka pwofite yo nan domèn edikasyon, lojman, anplwa, transpò, detant, aksè nan manje ki bon pou sante yo ak swen sante. Sa se yon lòt konsekans endirèk divizyon ki soti nan rasis la.

Pandemi COVID-19 la fè inegalite rasyal ki te gentan la yo pi rès toujou poutèt Nwa ak Latino ki abite Boston yo vin pi ekspoze ak maladi a, gen plis ka COVID-19 nan mitan yo, rezilta sante yo pi mal e yo sibi plis domaj nan domèn sosyo-ekonomik.

Jistis rasyal vle di mete sou pye epi aplike règleman, pratik, atitud ak aksyon ki bay tout moun pouvwa, aksè, opòtinite, tretman ak rezilta ki ekitab, kèlkeswa ras yo.

Gouvènman vil Boston an renouvle angajman pou redui enpak rasis la genyen sou lavi tout vwazen nou yo ak fason li afekte sante moun yo an jeneral nan vil la.

Majistra Martin J. Walsh te mande Biwo Sante ak Sèvis Sosyal Majistra a, Komisyon Sante Piblik Boston an ak tout depatman vil la pou yo mete sou pye uit estrateji sa yo pou goumen kont rasis la antanke kriz sante piblik e pou goumen kont inegalite nan sante ki soti nan rasis la:



- Kreve **règleman pou kraze rasis sistemik la e pou detwi tout bagay ki antrave sante piblik** la pa mwayen yon evalyasyon règleman ki la yo e grasa done ki disponib yo pou pote chanjman ki nesèsè yo.
- **Metè sou pye yon plan "Egalite nan sante pou Boston kounye a"** ki mache ak yon seri objektif klè, yon seri objektif nou ka mezire, pou goumen kont tout sa ki lakòz inegalite ak diferans nan rezilta sante yo.
- **Kominike ak kominote ki konn rete sou kote yo** pou idantifye pwoblèm yo, pou jwenn solisyon e pou kore yon entèvansyon kominote a dirije.
- Egzije pou yo **rapòte enfòmasyon piblik sou ras ak etnisite ki dokimante inegalite nan sante yo** nan Boston pa mwayen yon travay nan tèt ansanm ak lopital yo ak Commonwealth of Massachusetts pou jwenn enfòmasyon ki esansyèl sa yo.
- **Analize done yo pou pi byen konprann rapò ki genyen ant faktè sosyal, anviwòmantal ak konpòtmantal yo** ki kontribye nan enpak rasis la genyen an e ki afekte aksè nan domèn travay, manje, lojman, transpò ak edikasyon.
- Amelyore aksè a nan domèn prevansyon ak tretman yon fason ki pran an **konsiderasyon kilti ak lang moun yo**.
- Devlope sèvis ak **pwogram pou goumen kont enpak negatif inegalite sa yo te genyen** sou kèk gwoup moun patikilye.
- **Travay pou fè gouvènman eta a ak gouvènman federal la kreye règleman ak opòtinite finansman** ki konbat rasis sistemik la dirèkteman.

Envitasyon nou bay la

Demann enfòmasyon sa a (RFI) la pou mande opinyon moun yo sou uit estrateji Boston yo pou goumen kont rasis la antanke yon kriz sante piblik. RFI sa a se youn nan anpil fason nou mande rezidan Boston yo patisipe, sitou moun rasis la plis afekte yo ak moun ki toujou konn sou kote yo nan desizyon gouvènman an pran yo. N ap mande enfòmasyon demografik nan kad repons yo pou nou asire nou n ap kontakte moun ki plis afekte yo.

Rasis la gen enpak nou ka mezire, pa egzanp sou revni yo, sou sante a ak sou relasyon moun yo genyen ak enstitisyon yo, gouvènman an ak lòt reprezantan. N ap byen kontan tande opinyon w sou fason nou ka rive kreye yon Boston ki gen jistis ak egalite rasyal.

Epitou, nou envite w patisipe nan yon asanble vityèl n ap òganize nan mwa oktòb sou rasis la antanke yon kriz sante piblik. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Asanble Komite Sante Boston an, tanpri voye yon imèl bay healthequity@bphc.org pou fè nou konnen sa enterese w.

APENDIS 1: REPONS

Pou òganizasyon (p. eg. oganizasyon kominotè oswa relijye), kowalisyon, ajans ak biznis ki gen relasyon dirèk oswa ki abitye sèvi kominote ki konn sou kote yo: Voye repons pou kesyon ki anba yo bay healthequity@bphc.org pou pataje vizyon w pou yon Boston ki gen jistis ak egalite rasyal. Veye pou mete "RFI" nan sijè imèl ou. Sa ou voye a pa ta dwe gen plis pase 3 paj. Ou ka voye l

RFI – Vision for a Racism-Free Boston

Boston Public Health Commission

Email: healthequity@bphc.org

09.18.2020



ann anglè, panyòl, chinwa tradisyonèl, portige, somalien, kreyòl Kapvè, kreyòl ayisyen oswa vyetnamyen.

DAT LIMIT POU VOYE REPONS YO: MEKRERDI 7 OKÒB 2020

- **Entwodiksyon (1/2 paj):** Tanpri reponn kresyon ki annapre yo pou prezante òganizasyon w lan ak popilasyon/katye ou sèvi yo:
 - o Non òganizasyon w.
 - o Bay enfòmasyon jeyografik, rasyal/etnik ak demografik sou popilasyon ou sèvi a.
 - o Bay enfòmasyon jeyografik, rasyal/etnik ak demografik sou popilasyon ou sèvi a.
 - o Ki sektè òganizasyon w lan plis afekte (lojman, anplwa, manje, relijyon, dwa imigran yo, anviwònman, sante mantal, elatriye)?
 - o Ki objektif/misyon òganizasyon w lan?

- **Vizyon (2 ½ paj):** Tanpri reponn youn oswa plizyè nan kesyon ki anba yo pou esplike vizyon w pou yon Boston ki gen jistis ak egalite rasyal.
 - o Ki jan Boston t ap ye si te gen jistis ak egalite?
 - o Ki travay w ap fè pou goumen kont rasis la antanke yon kriz sante piblik?
 - o Ki travay ou ta pwopoze pou kore uit estrateji majistra Martin J. Walsh te prezante yo pou goumen kont rasis la antanke yon kriz sante piblik? (Apendis 2)
 - o Èske gen yon bagay ki manke nan uit estrateji ki anwo yo e ki nesèsè pou goumen kont rasis la antanke yon kriz sante piblik?
 - o Ki posiblite ou wè pou òganizasyon w travay nan tèt ansanm ak BPHC ak vil Boston an?

Pou rezidan endividyèl yo: Pataje sa ou panse ak eksperyans ou yo nan yon fòm sou Entènèt ki disponib nan youn nan lang sa yo: [anglè](#), [panyòl](#), [chinwa tradisyonèl](#), [portige](#), [somalien](#), [kreyòl Kapvè](#), [kreyòl ayisyen](#) oswa [vyetnamyen](#). **Òganizasyon** – tanpri voye manm ou yo fòm sa a pou nou ka jwenn opinyon anpil kalite moun ki abite Boston.

DAT LIMIT POU VOYE REPONS YO: MEKRERDI 7 OKÒB 2020

[APENDIS 2: Lòd egzekitif majistra Martin J. Walsh ki deklare rasis kòm yon ijans ak yon kriz sante piblik nan vil Boston](#)